



#UF23

UNIVERSITY of FLORIDA

LIS KONTWÒL POU SIKSÈ

PISKE W YON GATOR KOUNYE A:

PREMYE BAGAY YO TOUDABÒ

Ou sou pwen kòmanse youn nan moman ki pi enteresan nan lavi w kòm yon etidyan UF. Biwo Admisyon an vle pou w fè yon tranzisyon fasil pandan w ap kontinye pakou akademik ou. Fè etap sa yo pou asire yon tranzisyon ki gen siksè nan University of Florida.

1 SAN PÈDI TAN: PRAN IDANTIFIKASYON OFISYÈL GATOR OU

Kòm nouvo etidyan, ou pral bezwen yon nimewo idantifikasyon UF (UFID) pou reyalize anpil fonksyon ki nesèsè. Ou ka jwenn UFID ou nan lyen "Click here for UFID" (klike la a pou UFID) ki sou paj eta aplikasyon w lan. Sèvi ak enfòmasyon idantifikasyon admisyon (my Admissions credentials) ou pou w konekte.

UFID: my.admissions.ufl.edu/account/login

2 SAN PÈDI TAN: KONEKTE AVÈK GATORLINK

Kèk jou aprè admisyon w, ou pral resevwa yon mesaj imèl otomatik ki pral mande w pou w kreye non itilizatè Gatorlink ou ak modpas ou. Non kont sa a piblik, epi ou itilize l pou w jwenn aksè nan pifò sistèm enfòmasyon UF, epi li pral vin adrès imèl UF ou tou. W ap gen yon grenn okazyon sèlman, kidonk pa gaspiye l.

AKTIVE: [Lyen yo voye nan imèl la](#)

3 JWENN AKSÈ NAN IMÈL OFISYÈL UFL OU

Se UF Exchange ki sèvis imèl pou inivèsite nou an epi se pi bon fason pou w rete an kontak avèk pwofesè, konseye nou yo ak lòt moun ki la pou ede w rete òganize.

KONFIGIRASYON IMÈL:

helpdesk.ufl.edu/self-help/gatorlink-e-mail-setup/

4 SAN PÈDI TAN: FAFSA AK ENFÒMASYON SOU ÈD FINANSYE

Yo akòde Èd Finansye sou yon baz premye rive, premye sèvi. Dat limit priyorite a se te 15 desanm. Si w potko aplike, aplike san pèdi tan pou yo konsidere w pou pipis ak meye èd ki disponib.

JWENN PLIS ENFÒMASYON: sfa.ufl.edu

RANPLI FAFSA A: fafsa.ed.gov

5 OPLITA 1 ME: ASIRE PLAS OU NAN #UF23

Konfime enskripsyon w avèk yon depo frè ekolaj \$200 ki pa ranbousab, ke w peye ak yon kat kredi. Li pral aplike nan kont etidyan ou.

DEPO: admissions.ufl.edu/enroll/deposit

6 PLONJE NAN LAVI GATOR

Preview se oryantasyon ofisyèl ou nan UF epi se premye tradisyon chak Gator. Se yon eksperyans sou kanpis ki prezante etidyan yo posiblite akademik, sosyal ak kominotè ki genyen. Se moman sa tou etidyan yo ap enskri pou kou yo. Yo pral voye detay yo nan mesaj imèl nan fen mwa fevriye 2019.

PREVIEW: orientation.dso.ufl.edu

7 EGZAMINE CHWA OU GENYEN POU LOJMAN

Lojman nan Kanpis la

Ranpli aplikasyon an epi soumèt frè aplikasyon pou lojman \$25 ki pa ranbousab la. Lè w aplike, ou fikse priyorite w pou plasman pou lojman sèlman, epi li PA garanti yon òf pou yon plas nan dotwa.

APLIKE: housing.ufl.edu/living-options/apply

Lojman Andeyò Kanpis

Abite andeyò kanpis? Biwo vi andeyòs kanpis (Off Campus Life) la ka ede w jwenn anpil kalite opsyon lojman nan Gainesville.

JWENN PLIS ENFÒMASYON: offcampus.ufl.edu

RELE: (352) 392-1207

8 SOUMÈT ENFÒMASYON SOU SANTE

Chak nouvo etidyan UF oblije bay prèv li gen asirans sante epi li pran sèten vaksen anvan li rive sou kanpis la. Pou enskri pou kou yo, etidyan yo dwe soumèt yon fòm Istwa Medikal sou Vaksinasyon Obligatwa UF. REMAK: Si sa nesèsè, yo ka jwenn vaksen sa yo nan Sant Swen Sante Etidyan (Student Health Care Center) nan kanpis UF la nan Gainesville.

FOM: healthcompliance.shcc.ufl.edu/immunizations-2

JWENN PLIS ENFÒMASYON: (352) 294-2925

9 TRANSFERE FOTO GATOR 1 OU

Pou evite tan datant nan Preview (Oryantasyon) pou w jwenn kat Gator 1 ou, telechaje yon foto tèt/zepòl ou ki byen klè 48 èdtan omwen anvan w rive nan Preview nan sitwèb Gator 1 Preview Express la. Kat Gator 1 ou an se ID ofisyèl ou nan kanpis la ki pèmèt ou jwenn aksè nan anpil sèvis nan kanpis la.

KAT GATOR 1: www.bsd.ufl.edu/idcardimgs/ufpreview

10 VOYE RELVE NÒT FINAL OU BAY UF

Tout òf admisyon yo pwovizwa jiskask Biwo Admisyon an resevwa relve nòt final lekòl segondè ak/oswa kolèj ou. Ou dwe fè aranman pou w voye relve nòt final lekòl segondè ak kolèj ou bay biwo nou an le 15 jiyè oplita.

UF OFFICE OF ADMISSIONS

PO Box 114000

Gainesville, FL 32611-4000